

Status

Active

PolicyStat ID

17983933

**University of
Vermont Health**

Orijin 09/2024

Dènye 09/2024

Apwouve

Efektif 09/2024

Dènye Revizyon

09/2024 Pwochen

Revizyon 09/2027

Pwopriyetè Gina Slobodzian

Zòn Revenue Cycle

Aplikabilite ~System-Wide
Policy Library

Kredi ak Koleksyon

OBJEKTIF:

Pou klarifye pwosesis faktirasyon, pèman, ak koleksyon dèt yo atravè pwosedi etabli pou jesyon efikas kont resevwa ki peye poukont yo, pou asire yon pwosesis ki konsistan e jis pou koleksyon dèt.

DEKLARASYON POLITIK:

Rezo Sante Inivèsite Vermont (UVMHN) se yon òganizasyon ki santre sou pasyan an epi ki angaje pou trete tout pasyan yo yon fason ekitab, avèk diyite ak respè kèlkeswa benefis asirans sante pasyan an oswa resous finansye li yo. UVMHN etabli yon misyon solid pou satisfè bezwen medikal kominote li sèvi yo. Yon politik koleksyon ki solid se yon eleman enpòtan ak fondamantal nan misyon an. Kidonk, UVMHN ap kenbe yon politik pou kominike responsablite finansye bay pasyan an anvan, an menm tan ak/oswa pandan pwosesis bòdwo a, avèk atant peman nan moman sèvis la ak/oswa lè premye bòdwo a fèt. Moun ki resevwa sèvis yo dwe peye pou sèvis yo ak/oswa jwenn lòt mwayen rezolisyon ki ka gen ladan asirans sante, yon plan peman apwouve ak/oswa si yo kalifye pwogram asistans finansye a. Lè tout efò pou jwenn peman nan men pasyan an oswa èd nan pwogram asistans finansye a fin itilize, kont yo pral refere bay yon ajans koleksyon twazyèm pati nan fen sik bòdwo a. Rezo Sante Inivèsite Vermont pa angaje nan aksyon koleksyon ekstraòdinè epi li fè tantativ rezonab pou enfòm, edike, ak ankouraje pasyan yo pou aplike pou asistans finansye kote gen difikilte. Rezo Sante Inivèsite Vermont lan pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, zansèt, kote nesans, estati VIH, orijin nasyonal, estati imigrasyon, relijyon, eta sivil, ak laj, lang, estati sosyoekonomik, andikap fizik oswa mantal, estati veteran pwoteje oswa obligasyon pou sèvis nan fòs ame yo.

PWOSEDI:

1. UVMHN ap bay estimasyon bon lafwa bay pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki peye tèt yo anvan sèvis pwograme yo, jan lalwa ak règleman ki aplikab yo egzije sa.
2. UVMHN ap soumèt reklamasyon bay konpayi asirans yo epi l ap travay avèk yo pou fasilite pwosesis la alè. Pasyan an responsab pou l respekte tout pre-otorizasyon, pre-sètifikasyon, referans, ak lòt bagay ki obligatwa anba règleman yo a. Règleman asirans pasyan an se yon akò ant pasyan an ak konpayi asirans lan; li pa yon akò ant UVMHN ak konpayi asirans lan.
3. Yon klasifikasyon garantè detèmine kiyès ki responsab finansyèman pou balans ki peye tèt yo. Adilt yo responsab pou tèt yo ansanm ak pitit minè yo. Nan ka moun ki marye yo, pasyan an ap kenbe responsablite finansyè final la kèlkeswa kiyès ki moun ki gen règleman asirans lan.
4. Moun ki bay garanti a ap resevwa yon bòdwo chak mwa (28 jou) pou tout balans peman pèsònèl ki detèmine ki se responsablite li. Y ap voye deklarasyon yo apre asirans yo fin aji sou reklamasyon yo ak/oswa pa gen okenn repons ki resevwa. Nan ka yon pasyan ki pa gen asirans, y ap pwodui yon deklarasyon ki baze sou dat responsablite pasyan an chanje pou l vin peye pèsònèlman. Peman konplè a dwe fèt nan moman sèvis la ak/oswa pa pita pase dat limit ki sou premye bòdwo a.
5. Moun ki bay garanti a ap resevwa yon total sis deklarasyon pandan 180 jou. Pasyan yo ap resevwa yon sèl deklarasyon konbine pou sèvis lopital ak sèvis doktè yo. Menm pwosesis faktirasyon 180 jou a ap fèt pou chak liy biznis. Tout deklarasyon yo endike ke asistans finansyè disponib; nimewo telefòn pou kontakte yon Reprezantan Sèvis Kliyan (CS Rep) la enkli tou.
6. Se responsablite pasyan an/garan an pou l mete òganizasyon an okouran de nenpòt chanjman nan adrès bòdwo li oswa nimewo telefòn li. Si pasyan an, vandè deklarasyon an oswa USPS resevwa yon adrès ki ajou, nivo peman pèsònèl la ap re-inisyalize pou kòmanse pwosesis bòdwo 180 jou a. Si pasyan an resevwa repons lapòs, y ap refere kont lan bay yon ajans koleksyon pou yo ka fè swivi epi fè rechèch sou li.
7. Lè pasyan an pa resevwa peman an, yo ka eseye kontakte pasyan an apre 45 jou apre premye deklarasyon an voye pou jwenn peman an, etabli yon plan peman oswa ofri pasyan an asistans finansyè. Si nou pa kapab kontakte pasyan an, nou ka fè apèl swivi manyèlman oswa atravè mesaj otomatik pandan sik faktirasyon 180 jou a. Lòt mesaj ki gen ijans ap parèt sou tout deklarasyon yo pou ankouraje pasyan an kontakte depatman Sèvis Kliyan an.
8. Pasyan/Garan ki pa kapab fè peman an antye ka jwenn yon plan bidjè. Plan bidjè yo se yon koutwazi UVMHN ofri. Si yon pasyan antre nan yon plan bidjè, yo atann pou peman an fèt alè e konsistan. Yo ka ofri plan bidjè jiska yon maksimòm de 36 mwa selon balans total kont lan. Si yon pasyan mande yon delè pwolonje, jesyon an rezève opsyon pou pwolonje jiska 48 mwa. Pasyan/Garan ki kalifye pou asistans finansyè ka jwenn plan bidjè redwi ak tèm peman pwolonje an akò ak règleman Vermont ak New York ki aplikab yo.
9. Pasyan/garan ki pa kapab fè peman an antye oswa atravè yon plan bidjè dwe enfòme epi konseye sou Pwogram Asistans Finansye a. Reprezantan Sèvis Kliyan yo pral edike epi ankouraje pasyan yo pou yo aplike pou asistans. Yo ka dirije pasyan yo sou sit entènèt piblik patnè a oswa UVMHN pou opsyon pou enprime yon aplikasyon sou entènèt. Reprezantan Sèvis Kliyan yo pral voye yon aplikasyon pa lapòs sou demann pasyan/garan an. Lè yo voye yon aplikasyon bay pasyan an, kont ki anreta yo pral gen yon mwa rediksyon sou laj yo pou bay pasyan an tan pou l ranpli epi retounen aplikasyon an.

10. Deklarasyon yo enkli tout sèvis yo bay pasyan an kote yon responsablite pasyan an rete. Malgre ke yo faktire yo an total sou yon baz masyèl, dat limit pou chak randevou endividyèl fèt endepandaman de lòt sèvis yo. Chak randevou dwe resevwa yon minimòm 180 jou faktirasyon apati dat balans inisyal peman pèsònèl la anvan yon referans pou yon ajans koleksyon.
11. Lè deklarasyon bòdwo yo, apèl telefonik swivi yo ak aplikasyon pou asistans finansyèl voye pa lapòs yo pa bay rezilta peman (epi yon minimòm 180 jou fin pase), kont ki anreta a dwe voye bay yon ajans koleksyon twazyèm pati pou swivi.
12. Aplikasyon pou asistans finansyèl ki apwouve yo ka fè yo retire kont nan men ajans twazyèm pati a nenpòt ki lè pandan pwosesis koleksyon an.
13. UVMHN pa angaje l nan aksyon koleksyon ekstraòdinè, tankou: vann dèt yon moun bay yon twazyèm pati, rapòte enfòmasyon negatif bay ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi, ranvwaye, refize oswa egziye yon peman anvan yo bay swen medikalman nesèsè poutèt yon moun pa peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen ki te deja bay anba pwogram asistans finansye a, ak aksyon ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyèl. UVMHN ka depoze yon garanti sou lajan yon jijman oswa yon règleman bay yon moun kòm rezilta blesi pèsònèl pou ki UVMHN te bay swen, pa egzanp aksidan oto.
14. Anplwaye UVMHN yo ap respekte tout lwa ak règleman lokal, eta ak federal konsènan kredi ak koleksyon. Lwa sou Pratik Jis pou Koleksyon Dèt la se estanda aktyèl la.

PLAN SIVEYANS:

Jesyon an oswa yon reprezantan Sèvis Kliyantèl ki deziyen an pral fè odit kont echantyon; tretman kont ki anreta ki baze sou tranzaksyon ki pwodui pa sistèm nan; revizyon woutin rapò tranzaksyon yo, modifikasyon deklarasyon yo, ak rekonsilyasyon kont koleksyon yo.

POLITIK KI GEN RAPÒ:

Pwosesis Deklarasyon Peman Pèsònèl UVMHN_CUST 7

REFERANS:

Pub. L. 95–109

IRC § 501®(4)

IRC § 501®(5)

IRC § 501®(6)

Vermont Act No. 119 (H.287)

NY PHL § 2807-k

45 C.F.R. Part 149

Siyati Apwobasyon

Deskripsyon Etap la

Apwouve

Dat

Aplikabilite

Alice Hyde, Home Health and Hospice, Porter Medical Center, UVM Health Network, University of Vermont Medical Center

Estanda

Pa gen okenn estanda ki asosye avèk dokiman sa a

COPY